

## **Lekòl Leta Miami-Dade County Elajî Rezime yo Sou Bon Obligasyon Jeneral**

### Entwodiksyon

Komisyón Konsèy Lekòl la ak Depatman Edikasyon Florid apwouye yon plan alontèm pou modènize etablisman lekòl e ofri pou mete ajou teknoloji edikasyonèl nan tout lekòl yo. Jou 6 novanm 2012 Lekòl Leta Miami-Dade County pral bay votè yo pouvwa pou deside si pou finanse plan an atravè vòt “General Obligation Bond (GOB)” (Bon Obligasyon Jeneral) \$1.2 milya pou nèf ane.

### KISA?

- Ogmante sekirite ak pwoteksyon nan biling lekòl yo se priyrite nimewo en e prensip ki ap gide nouvo Referandòm Bon GO 2012 la pandan li ap ofri teknoloji nan salklas nan yon nivo wo nan chak lekòl pou asire egalite enstriksyonèl pou tout elèv, e renovasyon ak ranplasman atravè distri a.
- Avèk siveyans pou redui pri, plan distri a nan konsolide biling nan kèk kanpous e nan suiv “LEED” pou desine lekòl estanda ki ap kreye biling ki pi dirab avèk redui pri fonksyonman alontèm.
- Pou ofri transparans nou pral etabli yon konsèy sitwayen ak yon komite siveyans.
- Komite a pral asire distribisyon pwojè yo alè ak egalite e rezulta a ap pote travay nan kominote a.
- Akoz nou sansib pou fado takspeyè lokal yo Komisyón Konsèy Lekòl la redui taks li kontwole yo. Depi 2008 kontribisyón total taks ki anba kontwòl Komisyón Konsèy Lekòl yo redui de \$195 milyon.
- Nan Premye ane a yon pwopriyetè kay ki gen yon valè taksab \$100,000 yo estime li ap peye \$5 pou nouvo bon an anplis bon GO 1988 ki ap vin gen matirite an 2017.
- Komisyón Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade angaje l ak prensip chèche fason panse moun ki gen enterè yo pandan yo ap minimize fado takspeyè yo e pou ofri transparans ak konfidans nan pwosesis la. Ale sou <http://bondsforschools.dadeschools.net>: Sit Entènèt la genyen ladan yon **Kalkil Estimasyon Taks** nou devlope pou pèmèt sitwayen Miami-Dade County pran yon desizyon baze sou edikasyon e efè pase Bon Obligasyon Jeneral la ap genyen sou to taks anyèl yo.

### POUKISA?

- Prèske mwatye nan biling lekòl Distri yo gen plis pase 40 an e plis pase yon tyè gen omwen 50 an.

- Pandan lekòl k ap vyeyi se yon pwoblèm nasyonal, pwoblèm sa a pi sevè nan Miami-Dade County, akoz finansman eta koupe drastikman e obligasyon pou konfòme avèk manda Konstitisyonèl pou Kantite Elèv nan Salklas e rezoud ankonbreman kritik nan plizyè lekòl nou yo.
- Nan dènye uit ane yo Miami-Dade te ajoute plis pase 105,000 nouvo estasyon pou elèv nan konstri nouvo bilding lekòl, adisyone sou lekòl ki egziste e ranplase kèk lekòl. Malgre kèk nan lekòl ki pi ansyen yo te benefisyé nan resan renovasyon – Lekòl Segondè Miami se youn nan vrè egzanp – yon vas majorite toujou nan bezwen.
- Total pye-kare lekòl Miami-Dade ki gen plis pase 30 an pi gwo pase total bilding lekòl fonksyonèl nan prèske tout lòt distri a atravè eta a. La nou jwenn lòt mwatye pwoblèm nan, Eta a pa ka bay kapital finansman adekwat alontèm pou jenerasyon elèv kounye a e pou elèvnan lavni nan Miami-Dade.

Genyen defi sevè avèk finansman Eta a

- Lejislati a chanje kapital lokal “millage” (pousantaj taks sou fon pwopriyete” pou fonksyonman ki pwodui yon rediksyon kapital lokal pousantaj taks sou fon pwopriyete yo 25%, e ki ofri zewo dola nan finansman eta pou kapital pandan dènye de ane yo.
- Finansman Eta a, si li janm materyalize nan lavni a, kab egalman twò piti, tankou nan ka kapital dola Amandman sou Kantite Elèv nan Salklas, oubyen li vini twò ta. Miami-Dade resevwa 5% nan total eta a mete disponib, pandan li gen ladan 14% populasyon elèv nan “FY” 03-04 lè yo te premye enplimante Amandman sou Kantite Elèv nan Salklas la.
- Miami-Dade se katriyèm pi gwo distri lekòl nan peyi a, e akoz gwosè nou, nou ka aplike mezi ekonomik ki desann pri administratif ki pwodui plis dola fonksyonman envesti nan salklas la, pi plis pase nan ti distri lekòl yo.
- Nou fonksyonèlman benefisyé de gwosè nou, sepandan, nou gen 400 kanpous lekòl avèk 3,100 bilding ki vin ban nou yon total 45 milyon pye-kare ki poze yon gwo defi lè n ap palede finansman Eta a te e mete kapital disponib alontèm pou bezwen lekòl Miami-Dade.
- An 2012 bezwen an pi afekte pèfòmans elèv pandan nou poko adrese inegalite teknoloji edikasyonèl.

## POUKISA SE KOUNYE A?

- 24 an apre apwobasyon referandòm bon \$980 milyon an 1988, votè Miami-Dade gen yon opòtinite inik yon fwa ankò pou ofri yon solisyon lokal ki dirije 100% dola taks

lokal nou kolekte pou amelyore anbyans edikasyonèl pou tout elèv ak pwofesè lekòl leta Miami-Dade County, pandan tou n ap ede kominote nou an avèk devlopman ekonomik lokal.

- Yon etid resan "Washington Economics Group Inc." (Koperasyon Gwoup Ekonomik Washington) detèmine "Modènizasyon etablisman lekòl yo e amelyorasyon kapasite teknoloji ap lakoz yon pi gwo Retou sou Envèstisman takspeyè yo pase pri sèvis pou takspeyè a nan peryòd tan GO a."
- Etid la endike tou ranvwaye Bon GO a yo pral ajoute frè siyifikatif pou takspeyè yo akoz pri konstriksyon pa wo tankou lè pik yo e to enterè yo istorikman ba.
- Tout kominote Miami-Dade yo pral benefisyé paske Bon GO a ap ofri finansman davans ki soti nan men envestisè mache finans ki deyò Miami Dade.
- Yo ap re-envesti 100% pwofi Bon GO a nan ekonomi lokal la.
- "Washington Economic Group Inc" konkli li pral kreye plis pase 9,000 travay diran premye twazan yo avèk plis pase 18,000 travay dirab pandan kous konstriksyon Bon GO a.
- Pi gwo ogmantasyon travay yo pral fèt nan endistri konstriksyon ki an bès la. Rapò Mache Travay Miami-Dade County an endike travay konstriksyon toujou ap desann kote prèske 13% deklen pou mwa jiyè 2012 la. Te genyen yon total 150,000 travay ki te pèdi nan endistri konstriksyon an depi an 2007.
- Pa sèlman nou ap kreye travay k ap soti nan aktivite konstriksyon Bon GO a, etid la pwojte ap gen benefis sistematik kòmanse sou ogmantasyon pèfòmans elèv ki pral pwodui yon pwojeksyon ogmantasyon nan kantite elèv ki pral gen edikasyon nan nivo pi wo ki pral abouti nan yon mwayèn Isalè ansyen elèv nan Lekòl Leta Miami-Dade County fè ap pi wo.
- Anpil etid konkli elèv nan biling lekòl ki pa nan nivo estanda, ki pa gen kapasite teknolojik, pèfòme nan nivo pi ba pase elèv nan nouvo biling yo. Mank egalite teknolojik atravè sistèm lekòl la se yon gwo priyорite pou Referandòm Bon GO a e li pral adrese sa kòmanse nan premye ane yo enplimantasyon an.
- Yo jwenn tou deteryorasyon lekòl gen yon efè negatif sou moral elèv ak pwofesè e li gen yon lyen ak rezon anpil pwofesè kite lekòl la. Elèv nan etablisman modèn ap sèvi ak teknoloji edikasyonèl dènye kri ap pi byen prepare pou Ekonomi global 21yèm Syèk la.
- Nan ane resan yo distri a te konstri oubyen renove plizyè lekòl alè e li te rete nan bijè a. Distri a etabli pwòp tèt li kòm kredib e gen kapasite pou enplimante yon pwogram kapital ki fè sans. Lekòl Segondè Miami se lekòl segondè ki pote siyati nou fè prèv pwogrè distri a. Lekòl Mwayen North Dade se yon lòt egzanp kote distri a egzekite pwojè a, e gen plizyè lòt ankò atravè distri a.
- Komisyon Konsèy kounye a ak administrasyon an genyen yon dosye ki pwouve

repitasyon transparans e ki lakoz plis elèv gradye e resevwa nòt ki pi wo nan egzamen eta e nasyonal.

3

- Sipèntandan an ak administrasyon li a an plas depi 2008 e enstitisyonale anpil amelyorasyon sou Règleman Komisyon Konsèy yo e ogmante konsantrasyon sou efikasite fonksyonèl ak devlopman pwofesyonèl. Diran peryòd tan sa a, distri a redui depans administrasyon santral la a 49%.
- Kontinyasyon pwogram Bon GO \$1.2 Milya a pral ofri solisyon alontèm pou modènizasyon etablisman lekòl yo e ofri amelyorasyon teknoloji edikasyonèl pou yon nouvo jenerasyon elèv nan Miami-Dade County.
- Kon yo fin peye Bon GO 1988 la, nouvo bon n ap otorize 6 novanm 2012 la pral ranplase yo lè sa a. Se sak fè kounye a se lè pou n “Kontinye Pwogram Bon GO a” paske pandan nou ap ranplase bon an, pral gen yon tranzisyon byen dous e total peman taks anyèl ap prèske nan menm nivo apre premye ogmantasyon an.
- Nou estime premye ane a, yon pwopriyetè kay avèk yon valè taksab \$100,000 pral peye apwoksimativman \$5 pou nouvo premye ane bon an e \$23 pou bon 1988 la, pou yon total yo pwojte a \$28 pou Dèt Sèvis Lekòl nan bòdwo taks 2013 li yo.
- Nou pwojte an total pou tout tèm Referandòm Bon GO \$1.2 Milya a mwayèn peman taks anyèl sou valè taksab \$100,000 pral \$27.

Komisyon Editorial Miami-Herald la rele plan an fasil e note moman kritik.

Pou plis enfòmasyon vizite sit: <http://bondsforschools.dadeschools.net/>

4